

South Jersey Transportation Authority

Plan Aksè pou Lang

Dapre P.L. 2023, c.263

Dat Anvigè Plan an: 15 Desanm 2025

Kowòdonatè Aksè Lang (Language Access Coordinator, LAC)

Pi bon fason pou piblik la kontakte ajans lan konsènan efò ak sèvis aksè lang yo se lè yo kontakte LAC la:

- Non: Susan S. Angulo
- Nimewo telefòn: 609-965-6060
- Adrès imèl: SJTAlanguageaccess@sjta.com
- Sit entènèt: www.sjta.com

Entwodiksyon

Plan Aksè Lang sa a ("Plan") konfòm ak Lwa pou Aksè Lang New Jersey a, [P.L. 2023, c.263](#) ("Lwa"), nan kad angajman New Jersey an pou li rann resous gouvènman nou an pi aksesib pou abitan divès ki ap viv nan Eta nou an. Lwa a egzije pou ajans Eta yo ofri sèvis asistans pou lang epi pibliye yon plan aksè lang ki eksplike kijan y ap kominike avèk moun ki pa fin konprann Anglè byen yo, epi ki sèvis y ap ofri pou ede moun sa yo.

Yon plan aksè pou lang¹ se yon dokiman ki dekri sèvis yon antite gouvènman eta a² ak anplwaye li yo oblije soumèt pou asire moun ki pa fin konprann Anglè byen yo gen yon aksè solid nan pwogram, sèvis ak aktivite li yo.

Lè yo di yon moun se yon LEP, sa vle di li pa pale Anglè kòm lang prensipal li epi li kapab gen yon kapasite limite pou li, ekri, pale ak/oswa konprann Anglè.

¹ P.L. 2023, c.263 egzije pou "[c]hak antite gouvènmantal Eta a nan Branch Egzekitif la ki ap ofri sèvis dirèk bay piblik la, an konsiltasyon avèk Depatman Sèvis Sosyal la (Department of Human Services), Depatman Lwa ak Sekirite Piblik lan (Department of Law and Public Safety), ansanm ak Biwo Teknoloji Enfòmasyon an (Office of Information Technology), pou yo devlope epi pibliye yon plan aksè lang ki dwe reflekte kijan antite a pral konfòme li avèk dispozisyon Lwa sa a."

² Ann akò avèk P.L. 2023, c.263, yon "antite gouvènmantal Eta a" se yon antite yo defini kòm "nenpòt depatman oswa ajans Eta nan Branch Egzekitif la ak nenpòt komisyon, konsèy, biwo, divizyon, biwo, oswa enstriman ki konstitiye l k ap ofri sèvis dirèk bay piblik la."

Dokiman sa a bay enfòmasyon sou:

- Ajans nou an ak fason nou kominike avèk piblik la
- Gwoup moun ki gen Kapasite Anglè ki Limite (Limited English Proficiency, LEP) nou desèvi oswa sa ki gen chans pou nou desèvi yo

Li dekri tou kijan ajans nou an:

- Idantifye bezwen lang
- Ofri sèvis asistans lang
- Asire sèvis asistans lang yo se sèvis bon kalite
- Fè piblik la konnen gen sèvis asistans pou lang gratis ki disponib
- Toujou enfòme piblik la sou efò n ap fè pou nou respekte Lwa sou Aksè Lang New Jersey la
- Fòme anplwaye yo sou fason pou sèvi moun ki pa fin konprann Anglè yo (LEP)
- Respekte Lwa sou Aksè Lang New Jersey la

Lis Kontni yo

South Jersey Transportation Authority Plan Aksè pou Lang	1
Kowòdonatè Aksè Lang (Language Access Coordinator, LAC)	1
Entwodiksyon.....	1
Lis Kontni yo.....	3
A. Ajans Nou an Ak Fason Nou Kominike Avèk Piblik la	4
B. Gwoup moun ki gen Kapasite Anglè ki Limite (Limited English Proficiency, LEP) nou desèvi oswa sa ki gen chans pou nou desèvi yo	5
C. Detèmine Nesesite pou Sèvis Asistans Lang ak Idantifikasyon Lang.....	7
D. Pwovizyon Sèvis Asistans pou Lang	8
E. Metòd Pou Asirans Kalite.....	10
F. Avi Piblik Konsènan Disponibilite Sèvis Asistans Lang Gratis	11
G. Angajman ak Sansibilizasyon Entèvnan yo	11
H. Fòmasyon Anplwaye.....	12
I. Pwosesis pou Konsèvasyon Dosye, Suivi Konfòmite, ak Rapò.....	13
Endèks 1: Envantè Dokiman Vital ki Tradui yo.....	14

A. Ajans Nou an Ak Fason Nou Kominike Avèk Piblik la

1. Misyon Ajans lan

Misyon South Jersey Transportation Authority (SJTA) a la pou li bay gwoup moun k ap sikile yo mwayen transpò ki an sekirite epi ki efikas gras ak akizisyon, konstriksyon, jesyon, antretyen ak sipò wout yo, ayewopò yo, ak operasyon transpò piblik yo, ansanm ak lòt pwojè ak sèvis ki kapab tabli pou sipòte kwasans ekonomik konte Atlantic, Camden, Cape May, Cumberland, Gloucester ak Salem yo.

2. Kijan Nou Kominike Avèk Piblik la

Anplwaye South Jersey Transportation Authority (SJTA) yo kominike avèk piblik la nan plizyè fason atravè ekip asistans woutye an, reprezantan sèvis kliyantèl nan ayewopò yo, chofè bis nan ayewopò yo, oswa anplwaye sant sèvis kliyantèl EZPass yo.

3. Antite ki ap Patisipe yo

Antanke yon antite piblik, SJTA angaje l pou l aplike, epi patisipe nan, règleman ak pwosedi pou aksè lengwistik nan tout otorite a pou tout rezidan New Jersey yo ka gen aksè egal ego nan enfòmasyon ak sèvis SJTA yo, kèlkeswa lang yo pale oswa konpetans yo genyen nan lang anglè.

B. Gwoup moun ki gen Kapasite Anglè ki Limite nou desèvi oswa sa ki gen chans pou nou desèvi yo

Lalwa a egzije pou ajans Leta yo bay sèvis asistans lang pou moun ki pa fin konprann Anglè yo (LEP). Sa enplike idantifikasyon bezwen gwoup moun n ap desèvi a oswa sa nou gen chans desèvi a, sa ki gen ladan l sipò lang ekri ak lang pale.

Dapre Lalwa, ajans yo dwe tradui dokiman³ ak enfòmasyon vital nan sèt (7) lang ki pi pale nan pami moun ki se LEP nan New Jersey yo. Pou detèmine ki lang ki sèt lang prensipal sa yo, ajans nou an itilize done resansman peyi Etazini (tankou done ki soti nan Sondaj Kominote Ameriken an) epi li konsilte ansanm ak Ajans ki Responsab Aplikasyon Aksè Lang yo.

Done sa yo ede ajans nou an konprann tou lòt karakteristik lengwistik kominote n ap desèvi aktyèlman la a oswa sa nou gen chans desèvi yo, pou asire yon planifikasyon aksè lengwistik ki efikas.

Nan moman Plan sa a anvigè a, lang prensipal moun ki se LEP nan New Jersey pale yo se:

1. Panyòl
2. Pòtigè (preferans pou dyalèk Brezilyen)
3. Koreyen
4. Goujarati
5. Chinwa (ki gen ladan l Mandaren ak Kantonè)⁴
6. Kreyòl Fransè oswa Kreyòl Ayisyen
7. Arab

³ Dokiman vital yo se dokiman yo defini nan P.L. 2023, c.263 kòm "dokiman ki afekte oswa bay enfòmasyon legal sou aksè, retansyon, revokasyon, oswa eskliyon nan sèvis oswa avantaj pwogram nan ofri; ki yo menm se eleman lalwa egzije; oswa ki eksplike dwa legal yo."

⁴ Malgre Chinwa yo pale a gen ladan l Mandaren ak Kantonè sitou, tradiksyon an ta dwe adapte ak Chinwa senplifye ak Chinwa tradisyonèl pou kominikasyon ekri.

1. Ajoute Lòt Lang Mete sou Sèt Lang Prensipal yo nan Tout Eta a

Lwa a egzije tou pou ajans Leta yo tradui dokiman vital yo nan nenpòt lòt lang ajans lan jije ki nesesè selon gwoup moun y ap desèvi a.

Ajans nou an te fè detèminasyon sa a sou pwosesis pou ajoute lòt lang mete sou 7 prensipal yo:

Selon divès bezwen gwoup moun SJTA ap desèvi yo genyen, SJTA tradui dokiman espesifik pou pwojè yo an Vyetnamyen epi li kapab chwazi tradui dokiman ki an rapò ak pwojè yo aavni selon jan sa nesesè, selon kote a ak kominote ki afekte yo.

2. Lang ki Disponib Pou Sèvis Entèpretasyon yo

Dapre Lwa a, ajans Leta yo dwe ofri sèvis entèpretasyon ant ajans lan ak nenpòt moun li ye a nan lang prensipal moun sa a nan moman l ap ofri sèvis oswa avantaj yo.

3. Gwoup Moun ki se LEP

Dekri gwoup moun ki se LEP k ap kominike oswa ki gen chans pou kominike avèk ajans nou an oswa ki nan bezwen oswa ki kalifye pou sèvis ajans nou an. Sa kapab gen ladan l nenpòt efò k ap fèt pou idantifye karakteristik oswa bezwen lang espesifik atravè done entèn oswa lòt ansanm done ki enpòtan, tankou enfòmasyon ki soti bòkote founisè sèvis lang yo, distri eskolè yo, òganizasyon kominotè yo, asosyasyon biznis yo, elatriye.

SJTA angaje l pou li desèvi tout gwoup moun k ap sikile sou wout li yo, nan sèvis transpò li yo, ak Ayewopò Entènasyonal Atlantic City a. Gwoup moun ki se LEP k ap kominike, oswa ki gen chans pou yo kominike avèk SJTA yo se gwoup moun tankou, men ki pa limite a, moun ki rete nan New Jersey, moun k ap sikile pou y al travay, chofè kamyon komèsyal yo, imigran yo, refijye yo, etidyan entènasyonal yo, touris yo, moun k ap vizite nou ki soti nan lòt eta, ak lòt manm gwoup etnik oswa kominote k ap viv oswa k ap sikile nan zòn sèvis Otorite a.

C. Detèmine Nesesite pou Sèvis Asistans Lang ak Idantifikasyon Lang

Lè yon moun ki se LEP kontakte ajans nou an, anplwaye yo dwe evalye si yo bezwen asistans lang nan fason sa yo (Tablo 1–3).

Tablo 1: An pèsòn

Deskripsyon	Tcheke tout sa ki aplike yo ak yon (X)
Pwosesis pou moun nan oswa konpayon idantifye tèt li volontèman	X
Itilizasyon kat idantifikasyon lang miltileng, afich oswa èd vizyèl (pa egzanp, afich ki ekri "I Speak" [Mwen Pale])	
Asistans anplwaye ki resevwa fòmasyon pou idantifye lang prensipal moun nan	
Sipò atravè yon entèprèt ki kalifye (an pèsòn, nan telefòn ak/oswa a distans) pou idantifye/konfime lang prensipal yon moun	
Lòt (presize):	

Tablo 2: Kominikasyon nan Telefòn

Deskripsyon	Tcheke tout sa ki aplike yo ak yon (X)
Pwosesis pou moun nan oswa konpayon idantifye tèt li volontèman	X
Asistans anplwaye ki resevwa fòmasyon pou idantifye lang prensipal moun nan	
Sipò atravè yon entèprèt ki kalifye (an pèsòn, nan telefòn ak/oswa a distans) pou idantifye/konfime lang prensipal yon moun	X
Lòt (presize):	

Tablo 3: Kominikasyon Elektwonik

Deskripsyon	Tcheke tout sa ki aplike yo ak yon (X)
Avi sou sèvis asistans lang ki disponib sou sit entènèt ajans lan	X
Entegrasyon eslogan multileng nan fòm, lèt ak/oswa kominikasyon pa imèl ki aplikab yo	
Entelijans atifisyèl multileng pou reponn mesaj sou sit entènèt yo	
Itilizasyon zouti tradiksyon otomatik sèlman pou idantifye lang prensipal la	X
Lòt (presize):	

D. Pwovizyon Sèvis Asistans pou Lang

1. Tradiksyon Dokiman Vital

Lalwa egzije tradiksyon dokiman vital yo Dokiman vital yo se dokiman yo defini nan P.L. 2023, c.263 kòm "dokiman ki afekte oswa bay enfòmasyon legal sou aksè, retansyon, revokasyon, oswa eskizyon nan sèvis oswa avantaj pwogram nan ofri; ki yo menm se eleman lalwa egzije; oswa ki eksplike dwa legal yo."

Ajans nou an gen resous sa yo disponib pou tradiksyon dokiman enpòtan yo (Tablo 4).

Tablo 4: Resous pou Tradiksyon Dokiman Vital yo

Resous	Tcheke tout sa ki aplike yo ak yon (X)
Anplwaye ki pale plizyè lang, ki kalifye, ki resevwa fòmasyon epi/oswa ki deziyen	
Kontraktè yo	X
Lòt (presize):	

Tradiksyon dokiman vital yo se yon pwosesis kontini. Endèks 1 an gen ladan l yon envantè dokiman enpòtan ki te tradui jiska dat piblikasyon sa a. Lis sa a pral konsève epi n ap mete li ajou omwen chak ane nan kad rapò anyèl la.

2. Sèvis Entèpretasyon Lang

Ajans nou an gen resous gratis sa yo disponib pou demann entèpretasyon lang pale oswa lang siy (Tablo 5).

Tablo 5: Resous pou Demann Entèpretasyon Lang Pale oswa Lang Siy

Resous	Tcheke tout sa ki aplike yo ak yon (X)
Asistans anplwaye ki pale plizyè lang, ki kalifye, ki resevwa fòmasyon epi/oswa ki deziyen	
Sèvis entèpretasyon nan telefòn	X
Sèvis entèpretasyon an pèsòn	
Sèvis entèpretasyon nan videyo a distans	X
Lòt (presize):	

3. Ekipman ak Sèvis Sipleman tè pou Aksè

Tablo 6: Ekipman ak Sèvis pou Aksè

Ekipman oswa Sèvis	Tcheke tout sa ki aplike yo ak yon (X)
Meni vokal nan telefòn pou èd ak pwogram ajans yo disponib nan lang sa yo (presize):	
Anplwaye miltileng ki resevwa fòmasyon yo ka kominike avèk moun ki se LEP yo nan sèten lang, tankou (presize):	
Aksè a èd oksilyè tankou bouk manyetik, anplifikatè pòtab, soutitre, entèpretasyon videyo a distans ak/oswa ekipman entèpretasyon similtane	
Sèvis atravè ajans asosye ki desèvi moun ki bezwen èd oksilyè, tankou:	
Divizyon Depatman Sèvis Imen pou Moun ki Soud ak sa ki Gen Difikilte pou Tande	
Lòt (presize): SJTA pran angajman pou li kenbe ak amelyore aksè pou tout manm piblik la. Angajman sa a pouse Otorite a pou li toujou ap evalye, aplike ak amelyore mezi aksè konplè anndan tout sèvis yo. SJTA bay tout li menm pou asire yon kominikasyon ki efikas ak aksè pou moun ki soud oswa ki pa tande byen yo, sa ki gen ladan l dispozisyon pou èd oksilyè ak sèvis ki nesesè yo.	X

E. Metòd Pou Asirans Kalite

Pou asire sèvis asistans lang yo egzak, gen bon kalite ak bon konpetans kiltirèl, aktivite ki ap fèt oswa ki planifye yo se aktivite tankou (Tablo 7):

Tablo 7: Metòd Pou Asirans Kalite

Metòd	Tcheke tout sa ki aplike yo ak yon (X)
Bay priyorite pou itilizasyon langaj senp	X
Sèvi ak kontraktè verifye ki aplike estanda asirans kalite nan lide pou asire lengwis li yo gen eksperyans, fòmasyon, ak sètifikasyon jan sa apwopriye epi yo konpetan nan yon kad lengwistik ak kiltirèl.	X
Kontwòle ak sipèvize kalite sèvis entèpretasyon ak tradiksyon founisè yo bay la, epi fòme anplwaye yo pou yo kontwòle kalite sèvis sa yo.	X
Tabli egzijans asirans kalite nan kontra kontraktè yo, pa egzanp, glosè, revizyon tradiksyon, itilizasyon memwa tradiksyon, lojisyèl lokalizasyon, piblikasyon sou òdinatè, elatriye.	X
Kreye patenarya avèk òganizasyon kominotè yo pou verifye kalite sèvis entèpretasyon ak tradiksyon yo regilyèman.	X
Teste dokiman tradui yo ansanm ak sèvis entèpretasyon nan diferan lang yo chak peryòd	X
Asire gen bon jan kalite ak antretyen apwopriye ki fèt nan èd oksilyè ak ekipman yo, tankou bouk manyetik, anplifikatè pòtab, soutitre, entèpretasyon videyo a distans ak/oswa ekipman entèpretasyon similtanè	X
Lòt (presize): SJTA ap kontinye evalye bezwen ak pwosedi aksè lang yo pou asire tout manm piblik la jwenn sipò ak sèvis ki efikas. Angajman sa a pran fòs li nan pratik, pwotokòl ak pwosedi SJTA tabli yo, tankou analiz done pa woutin, aksè pou sèvis entèpretasyon, priyorite dokiman ki enpòtan yo, ansanm ak fòmasyon san kanpe pou anplwaye yo ki konsantre sou konpetans kiltirèl ak estrateji kominikasyon ki efikas.	X

F. Avi Piblik Konsènan Disponibilite Sèvis Asistans Lang Gratis

Mete sou èd oksilyè ak ekipman yo, ajans nou an enfòm moun ki pa fin byen konprann Anglè (LEP) yo nan lang ki obligatwa yo sou dwa yo pou yo benefisye sèvis asistans lang gratis nan fason sa yo (Tablo 8):

Tablo 8: Avi Piblik

Metòd	Tcheke tout sa ki aplike yo ak yon (X)
Siy ak afich nan zòn ki vizib anpil pou piblik la	
Enfòmasyon sou sit entènèt ajans lan ki dekri sèvis asistans lang ki disponib yo, pwosesis ak dokiman lalwa egzijè yo	X
Materyèl enprime, piblikasyon ak piblisite	X
Meni vokal nan telefòn ki bay enfòmasyon nan lang ki pa Anglè	
Anons sèvis piblik yo	
Lòt (Presize): Pou pi byen desèvi divès bezwen kliyan SJTA yo genyen, pèsonèl SJTA yo resevwa fòmasyon pou itilize yon sèvis tradiksyon sou kontra pou asiste moun ki pa fin konprann Anglè byen yo.	X

G. Angajman ak Sansibilizasyon Entèvnan yo

Angajman ajans nou an avèk kominote a oswa antite entèvnan ki reprezante gwoup moun ki se LEP konsènan planifikasyon ak aplikasyon aksè lang lan tablis ou bagay sa yo (Tablo 9):

Tablo 9: Angajman ak Sansibilizasyon Entèvnan yo

Metòd	Tcheke tout sa ki aplike yo ak yon (X)
Pran angajman ak entèvnan yo pou enfòm sou planifikasyon aksè lang nou an, ki kapab gen ladan l sesyon pou koute piblik ak gwoup ak/oswa reyinyon endividyèl.	
Planifikasyon pou fè epi kenbe angajman entèvnan yo pandan y ap aplike epi mete Plan sa a ajou, sa ki kapab gen ladan l sesyon koute piblik ak/oswa reyinyon endividyèl.	X

Metòd	Tcheke tout sa ki aplike yo ak yon (X)
Tabli objektif ki klè ak mezirab pou pwogram/sèvis espesifik pou kontakte epi kominike ak moun ki se LEP ki soti nan diferan kominote lengwistik.	X
Kenbe epi itilize lis distribisyon ki gen ladan l'òganizasyon ak medya kominotè lokal, divès nan domèn kiltirèl ak lengwistik pou pataje enfòmasyon konsènan sèvis aksè lang ajans lan.	
Yon sit entènèt pou resevwa fidbak, ak/oswa adrès imèl piblik pou poze kesyon sou aksè lang, fidbak, ak/oswa enkyetid	X

H. Fòmasyon Anplwaye

Pou anplwaye ki enplike nan aplikasyon P.L. 2023, c.263 yo, fòmasyon anyèl yo an ap gen ladan l sijè sa yo (Tablo 10):

Tablo 10: Fòmasyon Anplwaye

Sijè	Tcheke tout sa ki aplike yo ak yon (X)
Obligasyon legal ajans lan pou bay sèvis asistans pou lang	X
Règleman ak pwotokòl aksè lang ajans lan	X
Resous ajans lan ak pi bon pratik pou ofri sèvis asistans pou lang yo	
Kijan pou jwenn aksè ak epi travay avèk entèprèt epi ak tradiktè	X
Konpetans kiltirèl ak sansiblite kiltirèl	X
Kijan pou jwenn sèvis tradiksyon ak entèpretasyon	X
Konsève dosye sou sèvis aksè lang gwoup moun ki LEP yo resevwa	X

I. Pwosesis pou Konsèvasyon Dosye, Suivi Konfòmite, ak Rapò

1. Siveyans Entèn Chak Ane

Ajans nou an kontwòle aplikasyon Plan sa a pou asire konfòmite avèk P.L. 2023, c.263 (Tablo 11):

Tablo 11: Siveyans Entèn Chak Ane

Metòd	Tcheke tout sa ki aplike yo ak yon (X)
Sipòte etablisman mekanis pou kontwòl aplikasyon ajans lan nan Plan sa a	X
Kolekte ak konpile done ki nesesè pou Rapò Anyèl ajans lan sou konfòmite avèk P.L. 2023, c.263	X
Soumèt Rapò Anyèl la dapre P.L. 2023, c.263 san pèdi tan	X

2. Konsèvasyon Dosye Entèn

Ajans nou an gen kontwòl done ki an rapò ak aksè lang sou yo yon fason ki kontini. Suivi an kou a gen ladan l [Table 12]:

Tablo 12: Konsèvasyon Dosye Entèn

Metrik	Tcheke tout sa ki aplike yo ak yon (X)
Frekans demann pou sèvis asistans lang	X
Kijan demann yo te satisfè	X
Si yo te mande sèvis asistans lang nan lòt lang ki pa sèt lang prensipal ki egzije yo	X
Kijan ajans lan gen entansyon fè gwoup moun ki se LEP yo konnen sèvis asistans lang ki disponib yo	X
Kijan ajans la dokimante pwovizyon aktyèl sèvis asistans lang bay moun ki se LEP yo	X
Lòt (presize): SJTA genyen sou kont li yon liy telefòn anrejistre pou tout apèl telefòn ijans yo.	X

Endèks 1: Envantè Dokiman Vital ki Tradui yo

Tradiksyon dokiman vital yo se yon pwosesis kontini. Apati dat piblikasyon sa a, dokiman enpòtan sa yo disponib piblikman nan lang sa yo: www.sjta.com